



Lis tout frè yo pou Key2Benefits - Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi (New York State Office of Children and Family Services)

Tout frè yo	Montan	Detay yo
Kòmansè		
Acha avèk Kat	\$0.00	Nou pa fè peye yon frè titilè kat pou premye acha ak kat sou kont prepeye yo.
Itilizasyon mansyèl		
Frè mansyèl	\$0.00	Nou pa fè peye yon frè mansyèl sou kèlkeswa kont prepeye yo.
Ajoute lajan		
Depo dirèk	\$0.00	Nou pa fè peye yon frè pou depo dirèk sou kont prepeye yo. Apa antite ki emèt kat la, titilè kat la ni okenn lòt antite pa ka chaje lajan sou kat sa yo.
Rechaje lajan kach	\$0.00	Nou pa fè peye yon frè pou rechaje lajan kach sou kont prepeye yo. Apa antite ki emèt kat la, titilè kat la ni okenn lòt antite pa ka rechaje lajan sou kat sa yo.
Depanse lajan		
Peman bòdwo (livrezon regilye)	\$0.00	Si pwogram ou an otorize peman bòdwo, tranzaksyon peman bòdwo regilye yo ki antreprann an pasan pa sitwèb titilè kat la pral fèt nan lespas 3 jou ouvrab pou peman elektwonik yo ak nan apeprè 7 jou si nou oblije poste yon chèk papye pou peye bòdwo ou an. Nou pa fè peye yon frè pou livrezon regilye peman bòdwo sou kont prepeye yo.
Peman bòdwo (livrezon akselere)	\$0.00	Nou pa ofri peman akselere bòdwo.
Jwenn lajan kach		
Retrè nan ATM (nan rezo a)	\$0.00	"Nan rezo a" vle di Rezo ATM KeyBank yo, ATM Rezo Allpoint san frè siplemantè yo. Ou ka jwenn anplasman yo nan key.com/locator oswa Allpointnetwork.com . Nou pa fè peye yon frè pou retrè nan ATM ki nan rezo a.
Retrè nan ATM (deyò rezo a)	\$1.50	Sa se frè nou an. "Deyò rezo a" vle di tout ATM ki pa nan Rezo ATM KeyBank yo. Operatè ATM lan ka fè ou peye yon frè tou menm si ou pa fè yon tranzaksyon.
Enfòmasyon		
Sèvis kliyantèl (otomatik)	\$0.00	Nou pa fè peye yon frè pou rele liy sèvis kliyantèl otomatik nou an, sa gen ladan pou demann balans yo.
Sèvis Kliyantèl (ajan andirèk)	\$0.00	Nou pa fè peye yon frè pou apèl sèvis kliyantèl ajan andirèk yo.
Demann balans nan ATM (nan rezo a)	\$0.00	"Nan Rezo a" vle di Rezo ATM KeyBank lan. Ou ka jwenn anplasman yo nan key.com/locator . Nou pa fè peye yon frè pou demann balans nan rezo a.
Demann balans nan ATM (deyò rezo a)	\$0.00	"Deyò rezo a" vle di tout ATM ki pa nan Rezo ATM KeyBank yo. Operatè ATM lan ka fè ou peye yon frè tou. Nou pa fè peye yon frè pou demann balans deyò rezo a.
Itilizasyon kat ou deyò Etazini		
Tranzaksyon entènasyonal	3%	Yo pral fè ou peye 3% montan an dola ameriken an pou chak tranzaksyon. KeyBank fè peye yon frè konvèsyon lajan sou tout tranzaksyon entènasyonal yo.
Retrè nan ATM entènasyonal	\$3.00	Sa se frè nou pou chak tranzaksyon. Operatè ATM lan ka fè ou peye yon frè tou menm si ou pa fè yon tranzaksyon.
Demann balans nan ATM entènasyonal	\$0.00	Operatè ATM lan ka fè ou peye yon frè tou. Nou pa fè peye yon frè pou demann balans nan ATM entènasyonal.
Lòt		
Inaktivite	\$0.00	Yo p ap fè ou peye yon frè pou inaktivite.
Kat Ranplasman	\$0.00	Nou pa fè peye yon frè pou kat ranplasman yo.
Livrezon Akselere kat ranplasman nan 2 jou	\$15.00	Sa se frè nou lè ou mande livrezon akselere kat ranplasman ou an nan 2 jou.
Alèt nan Mesaj Tèks	\$0.00	Nou pa fè peye pou chak alèt ou resewva nan tèks.
Alèt nan Imèl	\$0.00	Nou pa fè peye pou alèt nan imèl.
Retrè nan gichè nan branch bank manm Mastercard® ki patisipe yo	\$0.00	Nou pa fè peye pou retrè nan gichè nan branch manm Mastercard® yo.

Lajan ou kalifye pou asirans FDIC. Lajan ou pral kenbe oswa transfere nan KeyBank, yon enstitiyon ki gen asirans FDIC. On fwa li la, FDIC asire lajan ou pou jiska \$250,000 sizoka KeyBank fè fayit, si egzjans byen presi yo ranpli nan zafè asirans depo. Gade nan fdic.gov/deposit/deposits/prepaid.html pou jwenn plis detay.

Pa gen karakteristik depasman nan kont chèk/kredi.

Pou kontakte KeyBank, rele nan 1-866-295-2955, ekri nan KeyBank OH-01-27-0527, ECP Prepaid Cards, 127 Public Square, Cleveland, Ohio 44114 oswa ale sou www.Key2Benefits.com.

Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou kont prepeye yo, ale sou cfpb.gov/prepaid. Si ou gen yon plent konsènan yon kont prepeye, rele Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè (Consumer Financial Protection Bureau) a nan 1-855-411-2372 oswa ale sou cfpb.gov/complaint.